

Pou Piblikasyon Imedya: 27/12/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OGMANTASYON ENPÒTAN NAN KA GRIP ATRAVÈ NEW YORK

*Yo mande pou Nouyòkè ki poko vaksine resevwa yon piki grip - klike [isit la](#) pou
jwenn yon vaksen grip ki pre ou*

Gade enfòmasyon ki pi resan yo sou Trakè Grip nan Eta New York lan [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse pandan semèn pase an, ka grip nan Eta New York te ogmante pa 72 pousan, epi yo te rapòte nouvo ka grip nan 58 pami 62 konte yo. Anplis, kantite pasyan ki ospitalize akòz grip ki konfime nan laboratwa te 363, yon ogmantasyon 41 pousan konpare a semèn pase. Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande tou pou tout moun New York ki gen laj sis mwa ak pi plis yo ki pat ko resevwa yon vaksen pou grip pou yo al vaksine pi vit posib.

“Ak yon ogmantasyon nan ka grip nan tout kwen nan eta sa a, mwen vle raple Nouyòkè ki po ko vaksinen kont grip la, li pa twò ta pou yo pran aksyon vital sa a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sezon grip lan an plen fòs, epi kòm kantite ka ak ospitalizasyon kontinye ogmante, nou dwe fè tout bagay nou kapab pou pwoteje tèt nou ak pwòch nou yo.”

An Janvyè 2018 la, Gouvènè Cuomo te siyen yon [dekrè egzekitif](#) ijans k ap pèmèt famasyen yo administre vaksen kont grip bay timoun ki gen laj ant 2 zan a 18 tan pandan sezon grip 2018 la. Apre li te siyen dekrè egzekitif ijans lan, famasyen yo te vaksinen apeprè 9,000 moun ki nan laj ant 2 zan a 18 tan kont grip la. Apre sa, Gouvènè a te siyen yon lejislasyon ki kodifye dekrè sa a kòm lalwa, sa vle di kounye tout moun ki gen 2 ane oubyen pi gran ka resevwa vaksen kont grip la nan men yon famasyen. Gouvènè Cuomo ap ankouraje Nouyòkè yo pou yo pwofite de plis aksè sa epi pou yo al pran vaksen.

Sezon grip sa a, New York te genyen 5,400 ka grip konfime nan laboratwa nan 58 konte, sa enkli tout senk awondisman nan Vil New York. Pandan peryòd sa a, yo te rapòte 1,305 ka ospitalizasyon ki lye ak grip, epi yon ka lanmò timoun ki lye ak grip. Pandan twa dènye sezon yo, te genyen 19 ka lanmò timoun ki asosye ak grip nan New York epi an mwayèn 15,101 ka ospitalizasyon ki lye ak grip.

Semèn pase, Komisè Sante Eta a Doktè Howard Zucker te deklare grip prevalan nan Eta New York. Notifikasyon ap mete an vigè yon regleman ki ekzije pwofesyonèl lasante ki poko vaksine kont grip pou yo mete mask pou operasyon oubyen entèvansyon nan zòn kote pasyan yo jeneralman prezan.

Anplis, Depatman Sante (Department of Health) te lanse [Trakè Grip nan Eta New York \(New York State Flu Tracker\)](#), yon nouvo tablo debò sou [Konektè Sante nan Eta New York \(New York State Health Connector\)](#), ki se yon sous ki ofri enfòmasyon fasil pou konprann sou grip la pou kenbe piblik la enfòme sou to grip nan konte yo an. Tablo debò montre kantite ka grip ki konfime nan laboratwa nan chak konte, chak semèn epi ki tip grip (A, B, oubyen ki pa defini) pou sezon aktyèl la ak twa sezon presedan yo.

Komisè Depatman Sante Eta, Doktè Howard Zucker, te deklare: “Nou ankouraje vivman pou tout moun ki toujou poko pran vaksen grip lan pou yo resevwa youn imedyatman pou konbat danje enpòtan sa a kont sante piblik. Lè ou resevwa vaksen sa pwoteje ou, menm jan li pwoteje moun ki bò kote ou, sa enkli moun ki pi vilnerab yo, tankou tibebe ak jenn timoun, granmoun ak moun ki gen maladi sante kwonik”.

Anplis jwenn yon vaksen pou grip lan, li enpòtan pou mete an pratik bon ijyèn pou men yo:

- A diferans de kèk viris, grip lan mouri fasilman lè ou itilize savon ak dlo cho.
- Lave men ou souvan ak savon ak dlo cho pandan omwen 20 segonn pou kapab pwoteje tèt ou kont jèm yo epi evite pwopagasyon yo pami lòt moun yo.
- Pòte sou ou yon dezenfektan pou men ki a baz alkolize pou ou itilize lè savon ak dlo pa disponib. Chwazi yon pwodwi ki gen omwen 60 pousan alkòl.
- Pa touse oswa etènye nan men ou yo. Olye de sa, kouvri bouch ou ak nen ou ak yon mouchwa. Moun ki gen grip yo kontajye pandan jiska 7 jou apre ke sentòm yo kòmanse.

Pou plis enfòmasyon sou grip la, vizite: www.health.ny.gov/diseases/communicable/influenza/seasonal.

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)